

1. Tumaze imyaka itari mike dukora umwimenyerezo wa Demokarasi none twaraye tugeze ku rugero dushobora kwiraba neza, tukinegura tukongera tukanegurana kuko dufise ico twirata tuvugirako.

Ehe raba!

2. Ubwa mbere twateguye amatora abiri yose mu kiringo c'imyaka itanu, ari twebwe dukoresheje abahinga b'abarundi kandi dusoronganiye uburyo bwacu.

Ico vyerekana ni uko abarundi twatahuye, turazirikana igihugu ico ari co hanyuma turamenya ico dukora.

3. Ubwa kabiri, twagiye turacumbagiza kugira dushike kuri iyi ntambwe.

- Aho hambere amatora yaraba imigambwe na yo igaca iryana;
 - Imigambwe yaremerwa n'amateguko, ariko abanywanyi bayo bakaguma binubana, mbere hakaba n'imigambwe yisunga ubwoko kandi kizira;
 - Aho twovuze ko imigambwe itavuga rumwe hagati yayo, twavuga ahubwo ko hari imigambwe ivuga rumwe na Reta n'iyindi ijejwe kugwanya Reta;
 - Ikindi twabonye ni uko aho hambere hahise ubuzima bw'umunyepolitike bwaharurirwa mu vyicar, afise mu ntwaro y'igihugu.
 - Amashirahamwe adaharanira ivyicar vya politike nayo wamengo yarifatye icibare mu gihugu, intwaro y'igihugu itagirako ijambo.
- Aho hose kwari ukwibagira ko kugwanya Leta ari ukugwanya igihugu, ariko ababivuga bobo babona ko ari bwo bugabo.
- Hari ikindi twabonye kandi kituraba twese ni uko abeshi muri twebwe twirengagiza ivyo dutegerezwa gukorera igihugu haba mu kwubaha abandi, gukomeza umutekano no guteza imbere igihugu.

4. Ubu rero tugeze ku yindi ntambwe, aho twategereye ko imbere yo kuba umunyamugambwe uri umwenegihugu; ubwenegihugu na bwo tukaba tubusangiye twese ata n'umwe avuyemwo.

Benewacu, banyamigambwe,

5. Kuba twese turi abenegihugu, bisigura ko twese tungana imbere y'ivyiza vyose igihugu gitanga.

Ni ukuvuga ko twese dufise uburenganzira bungana. Ariko hari abumva ko kuba mu kibanza mu nzego zigize Reta canke gukora muri Reta, hari ico uba uriye abandi.

6. Kugira tugire uburenganzira bungana, dutegerezwa kuba dufise inzego z'igihugu zitagira nkunzi, zidukingira kumwe, zidusabikaniriza ku rugero rungana itunga rusangi ari ryo tunga ry'igihugu.

7. Si ukuronka akazi muri Reta bitanga ubusumbane mu burenganzira bw'umwenegihugu, ahubwo igitera ikibazo ni abaronka akarusho kavuye mu kigega ca Reta na cane cane

impembo ataco bakoreye abenegihugu. Ico ni co gitera inzigo ukamengo bariko barya ivyagusa.

8. Ni co gituma mu gihugu kizira akarenganyo hategerezwa kuba Reta ishingiyeye ku mategeko, itegekanya neza ingene inzego z'igihugu zishingwa n'ingene zikora ku neza ya bose.

Ivyo bikaba kugira abaserukira izo nzego bamenye akarimbi ntarengwa ntibahawe bibaza ngo ni bo babaye Reta.

9. Reta rero irafise ico itegerezwa imbere y'abarundi n'imbere y'amakungu kandi ikakibazwa. Ibi ndabivuga kugira ngo tubitegere kumwe, yaba abatwara, abimirije gutwara n'abatwarwa.

10. Ku ruhande rwa Reta, nk'uko amasezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu yemejwe n'ibihugu vyose, Uburundi burimwo, mu 1948 abivuga ni ngombwa ko agateka ka zina muntu gakingirwa n'intwari ishingiyeye ku mategeko kugirango abenegihugu ntibahawe basanga ko ari ngombwa ko bikurako ku nguvu intwari y'agahoto n'agacinyizo.

11. Twebwe rero turategere ko intwari ya Demokarasi ari yo yonyene izana icizere mu benegihugu kuko, ubwa mbere ishingiyeye ku mategeko ashingwa n'abenegihugu canke ababaserukira, ubwa kabiri ni abo benegihugu nyene bishiriraho indongozi zibarongora.

12. Turategere kandi ko intwari ya Demokarasi ijaho atari gusa gukingira abenegihugu, ahubwo ijaho kugirango ibungabunge ry'amahe y'amahe, kugira riramire abenegihugu bose aho n'umwe akumiriwe.

13. Uretse kandi ko Reta ifise ivyo itegerezwa bikomeye, na vyo bigakorwa n'abayiserukira, ni ukumenya ko n'abenegihugu na bo bafise ivyo bategerezwa mu gihugu:

- Ubwa mbere bategerezwa kuba intungane kuko ni bo bavamwo abarongora abandi.
- Abatarongoye abandi na bo bategerezwa gukora ibishoboka vyose kugira ntihagire uwuhungabanya amahoro n'umutekano kandi bagashiramwo ukuboko kwabo mw'iterambere ry'igihugu.

14. Ni muri icyo ntumbero n'amasezerano mpuzamakungu yo mu 1948, mu ngingo ya yo ya 29 ategereza umwenegihugu ko mu gusubiriza mu nkoko ivyiza ahabwa n'amategeko mu gihugu, na we afise ivyo ategerezwa gukorera abandi aho abaye.

Ni co gituma tuvuga ko aho n'umwe ari hejuru y'amategeko.

15. Uno musu rero turi kumwe ngo twiginane muri uyu mwaka mushasha ni ngombwa ko, nk'abanyeporitike tuguma twibukanya ishira mu ngiro ry'ingingo zose ngenderwako ziraba Demokarasi.

16. Hariho abatahura ko Demokarasi ari ukugabura ibibanza vyo kurongora abenegihugu. Abo bafata ko uwutaronse ikibanza mu ntwaro aba akumiriwe, mbere hari n'abaca bavugaga ko yabaye umwana yankwa mu gihugu.

17. Hariho n'abazi ko Demokarasi ari ukutagira ico wibanga mu gihugu, ko igihugu kirangwamwo Demokarasi ari igihugu kitagira "KIRAZIRA", aho umwe wese yiragira akicura nka ka gashuri k'imico mibi batubwira mu migani ngo " Gaturuka izindi zitashe, bakagashora ku mutumba nako kakishora ku butumbagaza.

18. Ihibambewe, demokarasi nziza nk'uko tuyitegera ni iyirekura, ubwa mbere umwenegihugu wese akagira ijambo ashikirije mu biraba ubuzima bw'igihugu, ndetse akaronka uburenganzira bwo kwitorera indongozi.

19. None mu mategeko mpuzamakungu agenga agateka ka zina muntu mu ngingo yayo ya 21, ntibavuga bati, "Umuntu wese arafise uburenganzira bwo kuba mu ndongozi zitwara igihugu ciwe, we nyene avyikoreye canke abicishije ku bamuserukira we nyene yitoreye atawumwagaganya" ?

20. Ufise uwuguserukira witoreye uba uri mu bandi rero. Mbere ni muri icyo ntumbero amatora aza aratunganywa haciye ikirango cashizweho n'amategeko kugira indongozi zize zirapima ko abenegihugu bakizifitiye icizere.

21. Jewe rero uko ndabitegera, ni uko twese indongozi turi abaserukira abenegihugu, ari co gituma tubasaba ko mwoza muraturya akara icyo duhuye canke icyo twasamaye kuko turi abasuku banyu, ni co twemeye.

22. Ikindi ntegera ni uko umugambwe udatsinze utaba upfuye kuko aha mwebwe muri abahanuzi kuko muzi vyinshi muri poritike. Igikuru ni uko abari mu ntwaro y'igihugu boza barabumviriza.

Ni co gituma ndabasaba ko mutokwitwa abatavugaga rumwe na Leta ahubwo abakebura Leta kugira ntije kubiri n'ivyipfuzo vy'abenegihugu.

23. Dutegerezwa rero twese kugira urunani tugakanura kugirango igihugu cacu kigume gihagaze neza.

24. Ntituzovugaga ngo Demokarasi yarashinze imizi kuko inkosi z'ikibi zishira zikizana. Twese hamwe tuzirondere kandi tuzishikane imbere y'intahe.

25. Ntituzovugaga ngo hari Demokarasi abantu bakorerwa ikibi abagikoze ntibahanwe. Ubutungane ni bwo bwa mbere bwubahiriza agateka ka zina muntu.

26. Ntituzovugaga kandi ngo hari Demokarasi itunga ry'igihugu risesagurwa atacamira, abantu bahembwa n'ikigega c'igihugu kandi ataco bakoreye abenegihugu.

Ni co gituma Reta yitwararika ubwa mbere intwaro ibereye, izira igiturire, gusesagura itunga rusangi no kurinyonora.

Nibaza ko icyo tukivugako rumwe ; ni nka kurya kwo kugwanya ikiza Korona virusi.

27. None rero ndabahamagaye, mumfashe dutsinde urwo rugamba. Kandi si urugamba rugoye hamwe twese twovyumva kumwe.

28. Sinorangiza ntavuze icyo nabonye muri aya mezi atandatu maze mu mukwanguro:

Ubwa mbere ni uko nabonye ko amakungu akunda uwikunze. Abarundi twarerekanye ko tubabaye igihugu cacu mu kukibungabunga, na bo baca baradutahura.

Ni icigwa twaronse kanatsinda barayamaze bati uwutema urwiwe bamutiza umuhoro.

Turashimishwa n'intambwe tugeze ko mu gusubiza hamwe n'amakungu ari na co gituma twipfuza ko iyi ntambwe itosubira inyuma.

Kuva muri uyu mwaka twipfuza kubana neza n'ibindi bihugu no gukorana neza n'amashirahamwe mpuzamakungu.

Na bo ico tubasaba ni ukutubanira neza, ico twopfa tukaza turakiganira. Erega umukunzi mwiza araguhana si uwuguta ngo ni uko ufise ibibazo.

Kandi ntibibaze ngo twebwe turi abo kubatera ibibazo kuko natwe turafise ico tumaze. Abasomali n'abo muri Afrika yo hagati ni bo babizi.

Turashima ko bese bemera ko Uburundi buhagararira agateka kabwo mu makungu hanyuma tugashima kandi ko ibibababaza ari vyo natwe bitubabaza kuko vyose biraba ubuzima bwiza bw'abenegihugu, n'agateka ka zina muntu.

Ko tuvumva kumwe rero, reka tugendere hamwe, tugwanye iterabwoba kw'isi, dukingire ibidukikije, dufashe abantu bese kubaho mu buntu.

Ivyo ni vyo biduha umwizero ku tugiye gufatanya urugendo n'amakungu mu nzira y'iterambere rirama kandi ridakumira.

29. Ubwa kabiri mu vyo twabonye muri aya mezi atandatu, narabonye abarundi bikunda, batanezerwa n'uko hari uwundi yobaserukira mu bikorwa vy'igihugu. Aho hari n'abavugaga ngo atari jwe ntwara n'igihugu nigishake gipfapfane.

Mbere baridoze ko ndabanka kubera atari bo nagenye mu mabanga akomeye. Ariko bibagiye ko n'iyi baba bo bagenywe abasigaye inyuma na bo bari kuvugaga nka bo kuko utwo twiza barondera na bo badushaka.

Ndetse no mu Kirundi bavugaga ngo "abakunzi ntibaherera mu mubindi". Reka tubabere abasuku mushime n'ivyo.

Narabonye kandi abarundi b'ibinebwe, bazi ko akazi k'igihugu ari akica uwicaye. Jwe nari nzi ko kuja gukorera igihugu ahubwo ari ukuba umukozi w'akarorero, bese barabirako.

30. Icagatatu nabonye ni uko hari abari bazi ko kuja mu mabanga y'igihugu ari nk'icibare bagukebeye, uzofata uko ushaka, ugahako uwo ushaka.

Narabonye n'abari bazi ko kuja mu mabanga y'igihugu ari ukuja hejuru y'amategeko, kugendera ku bandi, aho ukora uko ushaka n'ico ushaka. Mbere kera hoho bavugaga ko kuba indongozi uca wica ugakiza.

Emwee !! Maze kubona vyinshi muri uyu mwanya.

31. Ivyiza na vyo nabonye ni vyinshi, biraruta ibibi ari na co gituma igihugu kiguma gihagaze neza.

Ndabasaba rero ko ivyo bibi twobifata nk'akaranda. Tugire urunani tubikosore, vyanse na ho tubihagurukire tubigwanye.

32. Uyu mwaka utanguye ndipfuza ko utubera umwaka wo kugwanya ivyo vyose bibi gushika mbere aho twese tuzobona ko kuba indongozi atari ubuzima ahubwo ari umuruho. Gutyo ntawuzoba akibigwanira kubera bizoba ari indyankurye.

33. Ndangije rero iri jambo nshima inyifato abanyamigambwe basigaye bafise, yerekana ko bamaze kumira akabuye k'abagabo; batagitamikwa ijamba na ba sesankuyoze. Ndabipfuriye mwese umwaka mwiza, umwaka w'amagara meza, umwaka wo gukunda igihugu.

Ni kuri icyo cipfuzo mbere nciye mfata aka karahuri ndabipfuriza amagara meza.

Murakoze!